*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 143 (25629)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 10 август — майрæмы мæйы 10 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЦАРДЫ НЫВТÆ
*Арфæйаг уæд йæ хъысмæт!*

3 ÆХСЫЗГОН ЦАУ
*Йæ курдиатæн — аккаг æвдисæн*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

**Конкурсы уæлахиздзаутæ**

## Хуыздæр муниципалон практикæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис саржæзта хуыздæр муниципалон практикæйы конкурсы уæлахиздзауты сбæрæг кæныны фæдыл къамисы æмбырд.**

Регионалон конкурсы архайджыты куыстæн аргъ кодтой республикæйы Сæргълæууæджы Администрацийы æмæ Хицауады, æххæстгæнæг хицауады оргæнтæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ. Бæстон æй равзаргæйæ, сбæрæг кодтой уæлахиздзауты:

**"Горæтаразæн политикæ, адæмы цардхъомады æнцонвадат алфамбылайтæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад"-ы:**

хуыздæр "горæтаг зылдтыл" банымадтой:

1 бынат — Дзæуджыхъæуы горæтаг зылд (Центрон паркмæ базилыны хъуыддаг);

2 бынат — Дзæуджыхъæуы горæтаг зылд (Хъармдæттæн хызмæ базилыны хъуыддаг);

3 бынат — Мæздæджы горæтаг цæрæнбынат;

4 бынат — Алагиры горæтаг цæрæнбынат;

5 бынат — Æрыдоны горæтаг цæрæнбынат.

"хъæуккаг цæрæнбынæттæ"-йы:

1 бынат — Цыколайы хъæу;

2 бынат — Камбилеевкæйы хъæу;

**"Муниципалон экономикон политикæ æмæ муниципалон финанстæн разамынд дæттыны":**

"горæтаг зылдты":

1 бынат — Дзæуджыхъæуы горæтаг зылд;

2 бынат — Беслæны горæтаг цæрæнбынат;

"хъæуккаг цæрæнбынæттæ"-йы:

1 бынат — Ставд-Дурты хъæу.

**"Муниципалитетты цæрджытимæ ахадгæ бастдзинад саразын, æхсæнадон фæзуатон хиуынаффæйады рæзт æмæ бынæттон хиуынаффæйады æндæр хуызтæй пайда кæнынмæ граждæнты разæнгард кæнын"-ы:**

"хъæуккаг цæрæнбынæттæ"-йы:

1 бынат — Ираны хъæу;

2 бынат — Комсомольскы хъæу;

3 бынат — Ставд-Дурты хъæу.

**"Нациты 'хсæн сабырдзинад æмæ разыдзинад тауыны, муниципалитеты æмвæзады национ политикæйы æндæр мадзæлттæ аразын"-ы:**

"горæтаг зылдты":

1 бынат — Мæздæджы горæтаг зылд;

"хъæуккаг цæрæнбынæттæ"-йы:

1 бынат — Бæтæхъойыхъæу;

2 бынат — Æрхонкæйы станицæ;

3 бынат — Комсомольскы хъæу;

4 бынат — Уыналы хъæу;

5 бынат — Николаевскийы хъæу.

Регионалон къæпхæнæй хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй конкурс адæмы цардыл хуыздæрæрдæм ахады. "Архайынвæнд кæмæ ис, уыдоны нымæц 2019 азæй фæстæмæ рæзы, фæнды сæ сæ фæлтæрддзинад, се 'нтыстытæ иннæтæм фæхæццæ кæнын. Федералон æмвæзады сын бæрзонд аргъ скæнынц. Ныр дæр сын фадат ис сæхи равдисынæн æмæ премитæ райсынæн", — загъта Хицауады Сæрдар.

Муниципалон скондтæн сæ бон у сæ куырдиæттæ федералон къæпхæнмæ арвитын. Уæлахиздзаутæ райсдзысты республикæйы Хицауады дипломтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Штыбы фæз цалцæджы фæстæ байгом

**Бындурон цалцæггæнæн куысты фæстæ Дзæуджыхъæуы Штыбы фæз æххæстæй байгом кодтой.**

Горæты бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** йæ телеграм-каналы куыд фыссы, афтæмæй, ацы сæрд Дзæуджыхъæуы фæндæгтæ куыд параххатæй цалцæг кæнынц, афтæ парахатæй сæ никуы цалцæг кодтой.

"Хæдтулгæскъæрджытæ хæлд фæндæгтæй цал азы дæргъы хъаст кæнынц, ууыл ма ахъуыды кæнæм. Уавæр банывыл кæнынмæ нæхи хъуамæ бинонтыг бацæттæ кодтаиккам. Объективон æууæлтæ нымайгæйæ, хатгай нæ бахъæуы æххæстгонд куыстыты хæрзхъæддзинад æмæ объект радтыны тагъддзинады 'хсæн равзæрст æххæст кæнын. Хæрзхъæддзинад равзарæм", — ныффыста горæты хицау.



Штыбы фæз бамбæрзтой ног асфальт уæлцъарæй, стæй дзы трамвайты релсытæ баивтой. Æмткæй райсгæйæ, ам 1600 квадратон метры фæндагон уæлцъар сцалцæг кодтой.

**Нæ уацхæссæг**

**Хъæлæс кæныны æппæтуæрæсеон бонмæ**

## Æвзæрстытæм цæттæгæнæн архайд

**Цæгат Ирыстоны 2022 азы æвзæрстытæ бæрæггæнæг æмæ сæм цæстдарæг Æхсæнадон штабы минæвæрттæ æрныхас кодтой, æвзæрстыты кампанийы архайд ацы бонты куыд цæуы, уый фæдыл. Уæлдайдæр та — сæрмагонд æфсæддон операцийы æмæ уæрæсейаг партион системæйы хуызтæ ногдæртæй ивыны рæстæг кæй цæуы, уый хынцгæйæ.**

Æхсæнадон штабы минæвæртты размæ раныхас кодта республикæйы Центрон æвзарæн къамисы сæрдары хæдивæг **Хъуыдаккаты Сослан.**



Уый куыд фехъусын кодта, афтæмæй депутаттæм кандидатты бавдисыны номхыгъдтæ къамисмæ балæвæрдтой 8 æвзарæн иугонды. Кандидатты номхыгъдтæ бавдисыны тыххæй Федералон закъоны амынддзинæдтæ кæй не 'ххæст кодтой, уый фæдыл дзы æртæйæ нæ райстой разыйы дзуапп. Афтæмæй Центрон æвзарæн къамис сфидар кодта кандидатты номхыгъдтæ 5 æвзарæн иугонды регионалон хайæдты æппæтуæрæсеон политикон партитæ "Иугонд Уæрæсе", Уæрæсейы Федерацийы Коммунистон парти, Уæрæсейы Либералон-демократон парти, "Фыдыбæстæ", Социалистон политикон парти "Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс".

10-11 сентябры Цæгат Ирыстоны æрмæст республикон Парламенты ног уæнгтæ не 'взардзысты, фæлæ ма депутаттæ Мæздæджы æмæ Кировы районты Минæвæртты æмбырдтæм, стæй 4 горæты æмæ 82 хъæуы. Уыдонæй уæлдай æвзардзысты 62 хъæуы сæргълæууæджы. Бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм æвзæрстыты хъæудзæн 870 депутаты мандаты.

Муниципалон скондты горæттæ æмæ хъæуты Минæвæртты æмбырдтæм депутатты кандидаттæй кæй бавдыстой, уыдоны нымæц у 1574, хъæуты сæргълæууæджыты бынæттæм та хъавынц 216 кандидаты.

Ацы фæззæджы регионалон политикон ерысты сæйрагдæр сты Цæгат Ирыстоны Парламентмæ депутатты æвзæрстытæ — уыдзæн дзы карз тохтæ. Кандидатты нымæцы рекорд сæвæрдта "Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс" — 86 адæймаджы, "Фыдыбæстæ"-йы номхыгъды — 77 кандидаты, Уæрæсейы Либералон-демократон партийы — 80, "Иугонд Уæрæсе" мидпартион хъæлæсты кæронбæттæны бавдыста 74 адæймаджы. Уæрæсейы Федерацийы Коммунистон парти æмæ "Партийы хъуыддæгтæ" фæйнæ 69. Афтæмæй депутаты иу мандатмæ хауы 7 адæймаджы.

Кандидаттæ сты алыхуызон куыстыл хæст адæм: ахуыргæндтæ, ахуыргæнджытæ, арæзджытæ, дохтыртæ, зæхкуыстгæнджытæ, IT-къабазы специалисттæ, бизнесы æхсæнады минæвæрттæ.

"Æвзæрстыты системæ рæстæджы домæнтæн дзуапп дæттынмæ куыд цæттæ у, уымæй бирæ аразгæ у æхсæнадон политикæйы системæйы фидардзинад. Æмæ уæрæсейаг системæ йæ цардæгас змæлдæй æвдисы уыцы фидардзинад. Нырыккон уавæрты алыхуызон фадæттæ арæх æмæ цæхгæр куы ивынц, тынг ахсджиаг куы у, цæмæй паддзахад ма фæцуда, уæд хъæуы, æнæмæнг, ахæм системæ. Нырыккон уавæрты æвзæрстыты системæйы сæйраг нысан ис мидполитикон системæйы ахсджиагдæр элементтæн, кæрæдзи 'хсæн фидаугæйæ, цæмæй адæмæн фадат уа сæ хъуыдытæ сæрибарæй равдисынæн", — афтæ нымайы РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы уæнг, историон наукæты доктор **Бзарты Руслан.**

**Нæ уацхæссæг**

**Нымæцтæ**

## Сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъд

**Цæгат Ирыстоны дарддæр цæуы сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъды кампани.**

Абоны онг уал сæрдыгон фæлладуагъд æмæ æнæниздзинад фæфидардæр кæныны мадзæлтты архайдтой 16 мин сывæллонæй фылдæр.



Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ.**

"Рагагъоммæ нысангонд куыд уыд, афтæмæй ацы сæрды мæйты дæргъы фæлладуадзæн кампанийы архайджытæ хъуамæ суой 17 мин сывæллонæй фылдæр. Уыцы нымæцæй 16 мины бæрц ныридæгæн бабæрæг кодтой лагертæ æмæ æндæр фæлладуадзæн бынæттæ. Ацы къуырийы кæронмæ ма сæрдыгон лагертæм арвитдзыстæм 800 адæймаджы бæрц", — бафиппайдта министр.

Айдарты Алинæ куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъды кампани цæуы рагагъоммæ фидаргонд пъланы бындурыл.

**Нæ уацхæссæг**

**Акци**

## Гæрзифтонг быцæуы амæттæгты ном арынæн

**Цæгат Ирыстоны Фæсивæды хъуыддæгты комитеты минæвары ныхасмæ гæсгæ, дзæуджыхъæуккæгтæ 2008 азы Хуссар Ирыстоны ныхмæ Гуырдзыстоны гæрзифтонг балæбурды амæттæгты рухс нæмттæ ссардтой.**

— Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Георгийы кувæндоны раз ацыд æрвылазон акци "Номарæн мыдадзын цырагъ". Хи цард нывондæн æрхæсгæйæ, физикон куынæгкæнынадæй Хуссар Ирыстоны цæрæг адæмы чи бахъахъхъæдта, акцийы архайынмæ æрбацæуæг æмæ дзы мыдадзын цырæгътæ ссудзæг адæм уыцы ирыстойнаг æмæ уæрæсейаг æфсæддон службæгæнджыты рухс нæмттæ ссардтой, — загъта комитеты минæвар.

Хуссар Ирыстоны фæмардуæвæг адæмы рухс нæмттæ ссарынæн судзгæ мыдадзын цырæгътæ "Помним. 08.08.08" фысты хуызы чи æрæвæрдта, акцийы архайынмæ æрбацæуæг уыцы адæмæн 2008 азы хæсты тыххæй видеороликтæ равдыстой.

2008 азы 8 августы æхсæвы Гуырдзыстон Хуссар Ирыстонмæ балæбурдта.



Италийы конд акцитæй иу

Уæрæсе хуссарирыстойнæгты (уæдмæ адонæй бирæтæ уæрæсейаг граждайнад райстой) бахъахъхъæнынмæ æрбацыд. Фондзбонон гæрзифтонг быцæуы рæстæг мин адæймагæй фылдæр (адонæй 72 адæймаджы — уæрæсейаг æфсæддон службæгæнджытæ) фæмард сты.

2008 азы 26 августы Уæрæсе Хуссар Ирыстоны хæдбардзинад банымадта.

Гуырдзиаг гæрзифтонг экстремисттæ Хуссар Ирыстонмæ æрбалæбургæйæ, ирон адæмæн стыр зындзинæдтæ, бæллæхтæ æрхастой. Ацы бонты Мæскуыйы Чырысти Ирвæзынгæнæджы аргъуаны гуырдзиаг æрбабырсты амæттæгты ном ссардтой.

Уæдæ фæсарæйнаг бæстæты дæр æрымысыдысты 2008 азы августы æрбабырсты амæттæгты. Италиаг горæттæ Пезару, Милан æмæ Сицилийы, иннæ рæтты æрхъуыды кодтой уæды уæззау цаутæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Энергетикæ**

## Хæс бафыстой

**Бамбырдуæвæг хæсы тыххæй электрон тыхæй фæцух кæныны фæдыл номхыгъдмæ кæй бахастой, уыцы фæлхасгæнджыты 69 проценты сæ хæстæ цæмæй бафидой, ацы азы фыццаг æмбисы компани "Севкавказэнерго" ууыл бацархайдта.**

Хæс дæм кæй бамбырд, уый нымайгæйæ, дæу электрон тыхæй фæцух кæндзыстæм, зæгъгæ, ахæм хабар фыст кæм уыд, ацы азы фыццаг æмбисы 68 мин хæсдарæгæй фылдæр ахæм фыстæджытæ райстой. Хæсдарджытæй чысыл хъуагæй 50 мины уыдысты хицæн адæймæгтæ (сæ хæсы бæрц, æмткæй райсгæйæ, уыд 268,9 милуан сомы), 18 минæй фылдæр та — юридикон иуæгтæ (сæ хæсы бæрц уыд 648,3 милуан сомы).

Электрон тых цалынмæ нæ ахуыссын кодтой, уæдмæ 46,8 мин фæлхасгæнæгæй фылдæр (ома, хæсдарджыты 69 проценты) электрон тыхы аргъ бафыстой, æмткæй райсгæйæ , 698, 1 милуан сомы бæрц хæс.

Электрон тыхæй ифтонггæнæг кусæндоны хъусынгæнинагæн дзуапп чи нæ радта, уыцы 6,1 мин хæсдарæгæй фылдæр (сæ хæсы иумæйаг бæрц у 75,1 милуан сомы) электрон тыхæй цухгонд æрцыдысты.

**Компани "Россети Северный Кавказ"-ы пресс-службæ**

**Дзырды фарн**

*Фыдæлты æгъдæуттæ рох кæнын нæ хъæуы.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

Боныхъæд

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **10 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **28-33 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **28-30 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,08

**Хурыскаст** — 05,02
**Хурныгуылд** — 19,10

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 60,33
**Евро** — 61,61

12+

РÆСТДЗИНАД
№ 143 (25629) 2022 АЗЫ МАЙРÆМЫ МÆЙЫ 10 БОН

Хицауады æмбырд

# Ахсджиаг нысантæ, хъæугæ уынаффæтæ

**РЦИ-Аланийы социалон-экономикон рæзты мадзæлтты пъланмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй УФ-йы Хицауады уынаффæйы проект разыйы дзуапп ын радтыны тыххæй фæхæццæ Цæгат Ирыстоны Хицауадмæ. Ивддзинæдтæ баст сты Горæтгæрон æмæ Мæздæджы районты объекттæ уыцы пъланмæ бахæссынимæ. Ууыл ныхас цыд, республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис кæй амыдта, уыцы æрвылкъуырион аппаратон æмбырды.**



Экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыры** ныхасмæ гæсгæ, уæлдæр амынд дыууæ районы разамонджытимæ иумæ министрад æркаст, адæмы нывыл цардæн ахъазгæнæг социалон æгъдауæй ахсджиагдæр объекттæй сæм цы ис, уыдонмæ. Проектмæ гæсгæ агуырд æрцæуудзысты хъæугæ финансон фæрæзтæ дæр. Профилон министрадæн Дзанайты Барис бабар кодта проектыл разыйы гæххæтт цыбыр рæстæгмæ бацæттæ кæнын, цæмæй федералон Хицауады 'рдыгæй фидаргонд æрцæуа, уый тыххæй.

Уымæй уæлдай, Дзанайты Барис йе 'ргом аздæхта республикæйы æппæт районты сæргълæуджытæм æмæ министрадты разамонджытæм æмæ сын бауынаффæ кодта, 2023 азы бюджет пълан кæныны куысты разæнгарддæрæй цæмæй архайой, уый.

— Ног азы бюджетыл куыст ныридæгæн райдыдта. Ног азы бакусын кæуыл хъæудзæн, социалон æгъдауæй ахсджиагдæр уыцы объектты тыххæй æппæт хъæугæ гæххæттытæ бадæттинаг сты республикæйы финансты министрадмæ, — загъта Хицауады Сæрдар.

Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы уавæры тыххæй ныхас кæнгæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** куыд загъта, афтæмæй уадзæн пункт "Уæллаг Ларс"-ы æрæмбырд бирæ транзитон транспорт, сæ радмæ æнхъæлмæ кæсынц дыууæ минæй фылдæр уæзласæн машинæйы æмæ рог хæдтулгæйы. Дзанайты Барис бабар кодта Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийæн æмæ, машинæтæ кæм сбирæ сты, уыцы районты сæргълæуджытæн Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадимæ иумæ бацархайын, машинæты шофыртæ æмæ балццæттæн хъæугæ æххуыс цæмæй уа, уыул.

Коронавирусы хæцгæ низ республикæйы ногæй кæй парахат кæны, уый фæдыл ныхас кодта РЦИ-Аланийы "Роспотребнадзор"-ы разамонæг **Тыбылты Алан.** Куыд радзырдта, афтæмæй ивгъуыд къуырийы дæргъы фæзынд алы кары ног рынчынтæ. Низы парахаты коэффициент у 1,4. Уый нымайгæйæ, йæ ныхасмæ гæсгæ, иртасæнтæ кæнын æмæ вакцинацийы куыст хъæуы фæахадгæдæр кæнын, хистæр кары адæмæн æмæ, низтæй иудадзыг рынчынтæн та, æхсæнадон бынæтты уæвгæйæ, — хихъахъхъæныны мадзæлттæй пайда кæнын, Республикæйы медицинон кусæндæтты ныртæккæ ис ковидæй 59 рынчыны. Ацы хабар фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**. Йæ ныхасмæ гæсгæ, амбулаториты фæстаг бонты фæкарздæр ног коронавирусæй дзæбæх кæныны æмæ йæ профилактикæйы куыст. Республикæмæ чи æрбацыд, уыцы экспресс-тестты фæрцы та ис иртасæн куыстыты гуырахст фæфылдæр кæныны гæнæн.

Беслæны цæрджытæ хъаст кæнынц, Беслæнмæ цæуæг маршрутон такситæ фаг кæй нæ кæнынц, уæлдайдæр изæрыгон, уымæй. Уымæ гæсгæ Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэлæн** Хицауады Сæрдар бабар кодта, цæмæй "Дзæуджыхъæу — Беслæн"-ы маршрутыл цæуæг транспорт фæфылдæр кæна.

Уымæй уæлдай, æмбырды рæстæг Дзанайты Барис хорзыл банымадта Туризмы республикон комитеты куыст, "Путешествуй!", зæгъгæ, уæрæсейаг ацы туристон форумы комитет æнтыстджынæй кæй архайдта, уый тыххæй. Форум ацыд 4-7 августы Мæскуыйы Адæмон Хæдзарады Æнтыстдзинæдты Равдыстыты комплексы.

— Форумы бавдыстæуыд, туристон æгъдауæй нæ республикæйæн йæ гæнæнтæ бирæ кæй сты, уый. Мадзалы архайджытæм уыцы гæнæнтæм разынд стыр цымыдисдзинад, йæ сараджытæ та бафиппайдтой, Цæгат Ирыстоны экспозици кæй уыд се 'ппæтæй хуыздæр, æмæ уый — нæ республикæйы профилон комитеты фæрцы, — бафиппайдта Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Барад

## Наркотик æм разынд

**Горæтгæрон районы прокуратурæ 34-аздзыд цæгатирыстойнаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.**



Ацы нæлгоймаджы ахсоджын кæнынц Уголовон кодексы 228 статьяйы 2 хайы ("Стыр бæрцæй наркотиктæ, ауæй кæнынмæ сæ нæ хъавгæйæ, балхæнын æмæ сæ дарын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Куыд рабæрæг, афтæмæй, амæй размæ ахæм фыдракæнды тыххæй тæрхонгонд кæмæн уыд, ацы азы январы уыцы нæлгоймаг Рахизфарсы районы Олгинскæйы хъæугæрон æрæмбырд кодта хъæддаг гæны сыфтæ æмæ дзы наркотикон фæрæз "каннабисы зети" сарæзта. Нæлгоймагмæ баджигул кæнгæйæ, бабадхъахъхъæнджытæ йæм 20 граммæй фылдæр наркотик ссардтой.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон нæлгоймагæн рахаста 3 азы дæргъы иумæйаг фæтквы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Официалон уагæй

## Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъон

### 2021 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет баххæст кæныны тыххæй

**Статья 1.**

45748963,2 мин сомы бæрц æфтиæгтæй æмæ 44816000,8 мин сомы бæрц хæрдзтæй, æфтиæгтæ хæрдзтæй сты 932962,4 мин сомы бæрц фылдæр (республикон бюджеты профицит), афтæмæй 2021 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет баххæст кæныны тыххæй дзуапп фидаргонд æрцæуæд мæнæ ахæм бæрæггæнæнтæм гæсгæ:

1) ацы закъонмæ 1 уæлæфтуанмæ гæсгæ 2021 азы бюджеты æфтиæгты уæрсты фæткы кодтæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты æфтиæгтæ;

2) ацы закъонмæ 2 уæлæфтуанмæ гæсгæ 2021 азы бюджеты хæрдзты ведомствон структурæмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты хæрдзтæ;

3) ацы закъонмæ 3 уæлæфтуанмæ гæсгæ 2021 азы бюджеты хæрдзты уæрсты фæткы хайæдтæ æмæ дæлхайæдтæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты хæрдзтæ;

4) ацы закъонмæ 4 уæлæфтуанмæ гæсгæ 2021 азы гуырæнты уæрсты фæткы кодтæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты дефициты æхцайæ æфсисады гуырæнтæ.

**Статья 2.**

Ацы закъон йæ тыхы цæуы официалон уагæй йæ ныммыхуыр кæныны бонæй фæстæмæ.

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг С. Меняйло**

*г. Дзæуджыхъæу*
*2022 азы 6 июл*
*№ 48-РЗ*

Регионты бастдзинад

# Автодугъы фыццаг хай

**Елхоты бирæкъабазджын колледжы минæвæрттæ сæ директор ХЪАЙТЫХЪТЫ Григорийы разамындæй кæм архайынц, Дзæуджыхъæуæй Якутскмæ ахæм автодугъы фыццаг хай кæронмæ ахæццæ.**

"Аланийæ — Якутимæ" æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 22-27 августы Æрыдоны æрбынæттон уæвæг Цæгат Кавказы агрaрон-технологон колледжы фæзыл ацæудзысты Ирыстон æмæ Якутийы спортивон командæты ерыстæ.



Республикæ Сахайы (Якутийы) ахуырад æмæ наукæйы министры фыццаг хæдивæг **Михаил Присяжный** ирыстойнаг делегациимæ фембæлд.

Елхоты бирæкъабазджын æмæ Якутскы индустриалон-педагогон колледжтæ æмгуыстады тыххæй бадзырд сфидар кодтой. Автодугъ цæуы проект

**Нæ уацхæссæг**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Цалцæггонд фæндæгтæ

**Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав куыд фехъусын кодта, афтæмæй горæты разамынд фæндагаразджытæй ноджыдæр ма 10 цалцæггонд уынджы райста.**

Æппæт цалцæггонд фæндæгтыл транспорт цæуын райдыдта. Нырыдæгæн цалцæггонд æрцыдысты:

1) Шота Руставелийы уынг: Æрыдойнаг уынгæй Калойы-фырты уынджы онг;

2) Пожарскийы уынг: Нефты базæйæ Горæгтæрон районы арæны онг;

3) Калинины уынг: Мæскуыйаг уынгæй Доваторы проспекты онг;

4) Черменаг сосa: 1-æм Промышленнон уынгæй 6-æм Промышленнон уынджы онг;

5) Садоваяйы уынг: Пушкины уынгæй Декабристты уынджы онг;

6) Мамсыры-фырты уынг: Æрыдойнаг уынгæй Гастеллойы уынджы онг;

7) Спартакы уынг: Къубалы-фырты уынгæй Митькины уынджы онг;



8) Солнечнаяйы уынг;

9) Сомихаг уынг: Ирон уынгæй Цыппурсы уынджы онг;

10) Ватутины уынг: Хетæгкаты Къостайы уынгæй Куйбышевы уынджы онг.

Милдзыхы-фырт куыд загъта, афтæмæй, ацы мæйы кæронмæ кæй сцалцæг кæндзысты, ноджыдæр ма фæндæгты уыцы 35 хайыл транспорт цæуын райдайдзæн.

**РУБАЙТЫ Нелли**

Царды нывтæ

# Арфæйаг уæд йæ хъысмæт!

**Бирæ бонтæ, мæйтæ æмæ афæдзтæ Донбассы цæрджытæ æхсæвæй-бонæй æнцой нæ зыдтой, хæцæнгæрзты гæрæхтæм хъуыстой. Украинæйы национал-экстремисттæ æнаххос адæмы ныхмæ хæст расидтысты, æбуалгъ митæ сын кодтой. Сæ уавæр фæрогдæр кæнынæн Уæрæсейы алы регионтимæ Ирыстон дæр йе 'ххуысы къух бадардта адæммæ.**

Мартъийы фыццаг бонты нæ республикæмæ цы лыгъд адæм ссыд, уыдонимæ уыдысты **Еленæ Кольчугина** æмæ йæ 11-аздзыд чызг **Каринæ** дæр.

Донецкы Адæмон Республикæйы, горæт Ясиноватаяйы ныууагътой сæ цæрæн хæдзар, сæ уарзон бинонты. Суазæг сæ кодтой сывæллæтты республикон реабилитацион центр "Тæмисчъы". Уазджытæн бацæттæ кодтой æмбæлгæ уавæртæ — хъарм æмæ райдзаст цæрæн бынæттæ, хæрзад хæринаг — афойнадыл, сабитæн хиирхæфсæнтæ æмæ ахуырæн æппæт гæнæнтæ.

Еленæ æнхъæлцау кæй уыдис, уымæ гæсгæ йын зындæр уыд ног уавæрты йæхи æрæмбарын.

Йæ зæрдæ, ай-гъай, æхсайдта йæ бинонтæм.

— Ясиноватаяйы баззадысты мæ цардæмбал, нæ нанатæ æмæ бабатæ. Бæргæ мæ нæ фæндыд уыдонæй хицæн кæнын, æнæзонгæ, дард ранмæ цæуын, фæлæ мæ мойы ныхасимæ сразы дæн. Аст азы цардыстæм, нæмгуыты æхситт æмæ сармадзанты рæмыгъдтытæй æмбæхсгæйæ. Уавæр нæ хуыздæр кодта, æмæ ссыдыстæм Ирыстонмæ. Тынг буц нæ дарынц, æмæ бузныг нæ фысымтæн. Ныфс мæ ис, кæй ралæудзысты уыцы бæллиццаг бонтæ, бæстæ басабыр уыдзæн, æмæ нæ райгуырæн къонамæ æрыздæхдзыстæм, — зæгъы Еленæ.



12 июлы Еленæйæн райгуырдис лæппу. Хи хъæбулау ыл цин кæнынц иууылдæр. Амондджын ныййарæг сывæллоны фæлмæн йæхимæ æрбалвæста, йæ уарзт æмæ цин æвдисгæйæ. Йæ цæстæнгас кæд цардбæллон у, уæддæр дзы бирæ цыдæр сусæгдзинæдтæ æмбæхст уыд. Чи зоны, царды нывтæ йæ цæстыты раз февзæрынц.

— Фондз мæйы размæ æз зонгæ дæр нæ кодтон, Цæгат Ирыстон кæм ис, уый. Ныр та ацы рæсугъд республикæ сси мæ лæппуйæн йæ райгуырæн бæстæ. Телефонæй дзургæйæ, ном æвзæрстам нæ ноггуырдæн, йæ райгуырды бон уыд Сыгъдæг Петр æмæ Павелы мысæн бон, æмæ йын радтам ном Павел. Кувын, цæмæй Сыгъдæг зæд уа йæ хъахъхъæнæг цæргæ-цæрæнбонты.

Арæндонæй нæ куы рафыстой, уæд центр "Тæмисчъы" кусджытæ сарæзтой рæсугъд бæрæгбон, — шартæ, музыкæ, дидинджытæ. Мæ цины цæссыгтæ нал баурæдтон, — зæгъы Еленæ.

Мад æмæ сывæллоны æрцыдмæ бацæттæ кодтой ног агъуыстытæ. Алцæмæй дæр сæ сифтонг кодтой. Хуыссæнуат, диван, телевизор, уазалгæнæн, ис дзы ваннæ æмæ санузел, сывæллоны кæм туха, ахæм стъол, манеж (бахъæудзæн æй фæстæдæр), дзаумæттæ хусгæнæн æмæ хæдзары хъæугæ æндæр дзаумæттæ.

Видеобастдзинады фæрцы Ленæ æрвылбон дзуры йæ хионтимæ, уыдонæн дæр фадат ис, гыццыл Павел куыд рæзы, уый фенынæн.

Адæймаг куы райгуыры, уæд йæ мады гуыбынæй рахæссы цыдæр хæрзиуæг. Гыццыл Павликæн йе уæнгты уæд ирон ныфс æмæ æхсар. Ирыстон у йæ райгуырæн бæстæ, æмæ йын нæ митсæр хæхтæ, Уæлладжыры комы сыгъдæг уæлдæф æвдадзы хос уæнт!

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

Хъæугæ ныхас

# Дыгуры районы цæрджытимæ фембæлд

**РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ Дыгуры районы фембæлд бынæттон цæрджытимæ. Сарæзта йæ районы бынæттон хиуынаффæйады администраци, йæ сæргълæууæг ЦАГЪАТЫ Сослан, афтæмæй.**

Граждæнтимæ ахæм фембæлдтытæ конд цæуынц республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фæдзæхстæй.

Дур-Дуры скъолайы ахуыргæнджытæ **Сæбанты Иринæ** æмæ **Бегкаты Ларисæ** коллективы номæй фæбæрæг кодтой скъола реконструкцийы программæмæ бахæссыны куырдиат. Цалдæр азы размæ дæр æй рæгъмæ хастой, фæлæ фарста йæ бынатæй нæ сызмæлыд. Министры ныхасмæ гæсгæ бацæттæ кодтой хъæугæ гæххæттытæ, ныр æй программæмæ бахæссæн уыдзæн.

Дигорайы фыццæгæм скъолайы директор **Акъоты Таймураз** министрæн бузныг загъта, се скъола бæрзонд тагъдадимæ Интернетимæ кæй баиу ис, уый тыххæй. Ныртæккæ скъолайы кæнынц бындурон цалцæг, æппæт хъæугæ фæрæзтæй йæ сфæлгонц кæндзысты, суанг хæрæндоны дæр ног ифтонггæрзтæ фæзындзæн. Цыдæриддæр сæ хъæуы, уыдæттæ æлхæд æрцыдысты, фæлæ ма сæ баивын хъæуы сæ зæронд электрон пец.

Алыбегты Эллæ куыд загъта, афтæмæй сæм фæкæсдзысты, хæрæндоны сæвæрдзысты хæрзхъæд хъæдæй конд дзаума. Дыккæгæм скъолайы ныййарджыты æмæхсæнады минæвар **Кацанты Аллæ** министрæй ракуырдта скъолайæн хъæугæ хъæдæй конд дзаума балхæнын. Алыбегты Эллæйы ныхасмæ гæсгæ, кæмдæриддæр бындурон цалцæг цæуы, уыцы скъолатæн сæ материалон-техникон базæ ноггонд æрцæудзæн.

**Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Биологон авналæнтæ

# Донмæ тъепаты рауагътой

**"Росрыболовство"-йы цæгаткавказаг фæзуатон управленийы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй доны объекттæй пайда кæныны тыххæй компенсацийы фæткмæ гæсгæ Терчы цæугæдонмæ рауагътой балергæсаджы 55 мин тъепайы.**



— Цæгатирыстойнаг куыстуат "Центрводресурсы" кæсаджы лæппынты рауагъта цæугæдонмæ, æмæ афтæмæй объекттæй пайда кæнынæй регионы доны авналæнтæн кæй æрхастой, компани уыцы зиан бафыста, — загъта пресс-службæйы минæвар.

Ацы аз компенсацион мадзæлтты фæткмæ гæсгæ Цæгат Кавказы доны объекттæм рауагътой кæсаджы амынд хуызы милуан лæппынæй фылдæр. Уымæй уæлдай, паддзахадон хæслæвæрды фæткмæ гæсгæ донмæ рауагътой цæугæдонон балергæсаджы 450 мин тъепайы.

**Нæ уацхæссæг**

Æхсызгон цау

# Йе сфæлдыстад æмæ курдиатæн — аккаг æвдисæн

**Уды рухс æмæ зонды хорзæхтæй дзырд сфæлдисыны курдиат кæмæ ис, уыцы фысджытæ æмæ поэттæй сæ алчидæр йæ адæмæй хæс фæдары. Йе 'ххæст кæнын та сæм фæкæсы, бæрæгбонау, æхсызгон. Уыцы цин сæ фæхоны се сфæлдыстады иу æнтыстæй иннæмæ. Ирон нырыккон литературæйы хæзнадон аив æмæ фидауцджын кæй уацмыстæй у, адæмы зæрдæтæм йæ зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæй æмæ радзырдтæй, уацаутæ æмæ романтæй рæсугъд фæндаг чи ссардта, нæ литературæйы зиуузтты хистæр фæлтæры уыцы минæвæрттæй иу у Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, фыссæг, поэт, тæлмацгæнæг æмæ публицист ДЗАСОХТЫ Музафер.**



Йæ сфæлдыстадон азфыст хъæздыг æмæ мидисджын у. Йæ уацмысты цы фарстатæ æргом кæны, уыдоны фæрцы фенæм æмæ банкъарæм дуджы цаутæ æмæ адæмы зондахаст.

Литературон сфæлдыстадон архайды йæ размæ цы хæстæ æвæры Музафер, уыдон се 'ппæт дæр æнцой кæнынц куыстуарзондзинад, кæстæртыл аудыны æмæ йæ адæмæн цы фылдæр хæрзты бацæуыны хъуыдыйыл.

Зындгонд фыссæг акаст йæ кары 85 азы бæрзæндæй. Йæ уды цæхæр дзы сфæлдыстадон уагыл цы хуызы бахсыст, уый бæлвырдæй æвдисы библиографион чиныг-æмбырдгонд "Кары бæрзæндæй". Йæ саразæг у чингуадзæн "Ир"-ы редактор **Дзуццаты Зæлинæ**. Бахаста йæм, Музафер алы азты йе 'мсис хæлæртты сфæлдыстадыл ирон æмæ уырыссаг æвзагыл цы уацтæ, очерктæ, рецензитæ ныффыста, уыдон. Ис дзы йæхи прозаикон æмæ поэтикон æмбырдгæндтыл, тæлмацтыл алы азты нæ республикæйы æмæ раздæры Советон Цæдисы зындгонд литературæиртасджыты, фысджытæ æмæ журналистты фыст æрмæджытæ. Цард æмæ æхсæнады рæзт, литературæйы фарстаты фæдыл йæ интервьютæ, арфæйы адристæ æмæ æмдзæвгæтæ. Хицæн сæргонды ис йæ чингуыты, тæлмацты, зарджытæ æмæ хæрзиуджыты номхыгъд, Музаферы цард, бæркадджын сфæлдыстадон азфыст æвдисæг къамтæ.

Æмбырдгонд мыхуыры рацыд Дзæуджыхъæуы Гасситы Викторы номыл полиграфион куыстуаты.

Æрæджы ацы мидисджын чиныгæн уыд презентаци. Архайдтой дзы нæ республикæйы зонадон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ, Музаферы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, чиныгкæсджытæ. Йæ саразыны хъуыды та фæзынд РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдис æмæ Æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы уæнгтæм

Йе 'мсис хæлары цард æмæ сфæлдыстадон архайды тыххæй презентацийы райдайæны йæ хъуыдытæ загъта æмæ чиныгыл афæлгæсыд Фысджыты цæдисы сæрдар, зындгонд прозаик **Агънаты Гæстæн**:

— Литературон архайды фæндагыл чи æрлæууы, уыцы фысджытæ æмæ поэттæн сæ курдиатæн аргъ æмæ кадгæнæг сты æхсæнад æмæ адæм. Сæ хъуыдытæ цы публицистон æрмæджыты, зонадон уацтæ æмæ сфæлдыстадон куыстыты раргом кæнынц, уыдоны руаджы бамбарынц, дарддæр сæ размæ цавæр нысантæ хъуамæ æвæрой, уый.

Ирон литературæйы абоны рæзт сæйрагдæр кæуыл æнцой кæны, уыцы зындгонд фысджытæй иу у Дзасохты Музафер. Фæндзай азæй фылдæр уый зæрдиагæй архайы литературæйы алы жанрты зæрдæагайгæ æмæ æнкъарæнджын уацмыстæ фыссыныл. Чиныг "Кары бæрзæндæй"-ы та Музафер дзуры йе 'мсис хæлæртты курдиаты æвдисæнтыл — сæ уацмыстыл — алы азты куыд арф æмæ цæстуарзон ныхас загъта, уый.

Ахæм æмбырдгæндтæ стыр æххуыс сты библиотекæты кусджытæн, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн, аспиранттæн, студенттæ æмæ скъоладзаутæн. Йæ рауадзынæн та æхцайæ феххуыс кодта æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**, — загъта Агънайы-фырт.

Фыссæгæн йæ курдиаты сæйраг хицæндзинæдтæ æмæ удыхъæды фæзминагдæр миниуджыты тыххæй æмбырды архайджытæн йæ хъуыдытæ раргом кодта Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл со-




циалон æмæ гуманитарон иртасæнты институты сæйраг наукон кусæг, исторон наукæты доктор, профессор **Цыбырты Людвиг**. Куыд фæнысан кодта, афтæмæй Музафер хайджын у канд сфæлдыстадон курдиатæй нæ, фæлæ ма арæхсы цыргъзонд, хъæлдзæг ныхас кæнынмæ. Бахъуыды рæстæг æмгары, æмкусæджы фарсмæ балæууынæй йæм хуыздæр ницы кæсы. Зоны дунеон æмæ уырыссаг литературæ æмæ аивады истори. Номдзыд фыссæг кæнæ нывгæнæджы царды цаутæй, се сфæлдыстадæй йæ бафæрс, уæд дын ратдзæн бæлвырд дзуапп.

Чиныгуарзджыты республикон æхсæнады сæрдар **Гетъойты Ларисæ**, йæ раныхасы æрдзырдта ног чиныгæн йæ арæзтыл, Музафер тæлмацы жанры цы æнтыстытæ æвдисы, ууыл. Бæлвырддæр та йе 'ргом аздæхта, Шекспиры сонеттæ ирон æвзагмæ куыд аив æмæ хæдхуызæй раивта, уымæ. Йæ фæндон уыд, цæмæй сыл нæ композитортæ бацархайой музыкæ ныффыссыныл.

Чиныгаразæг Дзуццаты Зæлинæйы хатдзæг та ахæм уыд:

— Цард æмæ дугæн æнæивгæ нæй. Нæ фæсивæд кæд Интернеты уацары бахаудтой, уæддæр нæ адæм хъæуты цы уавæрты цардысты, хъысмæт сын сæ размæ цавæр цæлхдуртæ æвæрдта, уый бирæ азты фæстæ дæр зондзысты Музаферы сфæлдыстадæй. Нæ республикæйы рæзгæ фæлтæры уарзон журнал "Ногдзау"-ы сырæзт æмæ сарæзтмæ аздæхта йе 'ппæт зонд æмæ сфæлдыстадон æрхъуыдыйы арæхстдзинад. Уый тыххæй дзы уæлдай бузныг æмæ арфæгондæй баззайæм не 'ппæт дæр.

Фыссæг йæ курдиатæй канд хистæр æмæ астæуккаг кары чиныгкæсджытæн нæ лæггад кæны. Ис æм сабитæн æмæ скъоладзаутæн фыст уацмыстæ дæр. Сæ хъомыладон ахадындзинад æмæ иумæйагæй Музафер литературæйы сомбоныл куыд тыхсы, æрыгон фæлтæры сфæлдыстадон архайдмæ разæнгард кæныныл куыд архайы, уый тыххæй презентацийы йæ хъуыдытæ загъта чингуадзæн "Ир"-ы редактор **Будайты Милуся**.

Чиныг "Кары бæрзæндæй" куыд арæзт æрцыд æмæ йын йæ ахадындзинады тыххæй ма сæ фиппаинæгтæ æмæ фæндиæгтæ загътой РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг **Хуыгаты Сергей**, зындгонд поэт **Кокайты Тотрадз**, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг **Еналдыты Хъазыбег**, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор, литературæиртасæг **Хозиты Барис**, журнал "Мах дуг"-ы критикæ æмæ публицистикæйы хайады сæргълæууæг **Тъехты Тамерлан**, журнал "Ногдзау"-ы сæйраг редактор **Сæлбиты Дианæ**.

Презентацийы кæрон се 'ппæт архайджытæн æмæ уазджытæн, йе сфæлдыстадæн аргъгæнджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Дзасохты Музафер æмæ бакаст Мæрзойты Тамерланы номыл йæхи фыст æмдзæвгæ.



**ГАСАНТЫ Валери**
**Къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

"Стыр Ныхас"-ы

# Фыдæлты фарн — сæ бæллиц

### *Ирон мыггæгты комитетыл æххæст кæны 20 азы*

**Куывд кæнын ирон адæмæн фыдæлтæй баззад, фæлæ мыггаджы куывдтæ райдыдтой 1999-2000 азты. Хистæртæй-иу куыд хъуыстон, афтæмæй мыггаджы куывд Ирыстоны фыццаг скодтой Мамиатæ 1958 æви 1960 азы. Сæ иумæйаг ист къам ма абоны фæлтæрмæ дæр æрхæццæ. Уыцы уагыл æнцойгæнгæйæ та 2001 азы арæзт æрцыд мыггаджы иумæйаг куывд Цæгатæй Хуссармæ. Мыггаджы куывдмæ хуынд æрцыдысты æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы уæды сæрдар Гиоты Михал, йæ хæдивæг Цæллагты Харитон. Зæрдиаг арфæтимæ ма нын сæ амынддзинæдтæ загътой, æмæ æвзæрст æрцыд мыггаджы ныхас 12 адæймагæй. Уыцы æмбырды фæстæ Михал мæн фæхуыдта "Стыр Ныхас"-мæ.**

1993 азы "Стыр Ныхас" арæзт куы æрцыд, уæд уал дзы рантыст саразын 10 комитеты, уыдонæй иу "Ирон æгъдæуттæ æмæ традицити комитет", йæ сæргъы ирон уæздан æмæ æгъдæуттæ зонæг лæг Мырзаганты Махар. Мæн дæр рæстæгмæ ацы комитетмæ бакодтой. Уыцы аз дзы фидаргонд æрцыд хицæн дæлхайад "Ирон мыггæгты ныхастæ" аразынæн ахъазгæнæг хайад, æмæ йын Михалы фæндонмæ гæсгæ бæрнон дзуапдæттæгæй та снысан кодтой мæн.

Ног хъуыддаг сыгъдæг сыфæй райдайгæйæ, кæддæриддæр вæййы зын. Мыггаджы ныхастæ чи сарæзта, уыдонæн сæ фыццæгтæй уыдысты Мырзагантæ æмæ Цæллагтæ.

Фæстæдæр уыцы дæлхайад рахицæн кодтой Махары комитетæй, æмæ дзы конд æрцыд хицæн сæрмагонд "Ирон мыггæгты ныхасты комитет".

Фæдзырдтон æндæр мыггæгтæй 9 минæвармæ. Нæ фыццаг æмбырдмæ æрбахуыдтам Мырзаганты. Сæ мыггаджы ныхасы архайды тыххæй нын цыбыр, фæлæ мидисджын доклад скодта Махар йæхæдæг.

Комитеты дыккаг æмбырдмæ та æрбахуыдтам Цæллагты. Уыдонмæ дæр байхъуыстам, хатдзæгтæ скодтам.

Мыггæгты минæвæртты хуыдтам, "Мыггæгты ныхас"-ы ахадындзинад æмæ æнæмæнгхъæугæ хъуыддаг сын æмбарын кодтам.

Фидар бастдзинад нын уыдис районты Ныхастимæ, уыимæ Хуссар Иры Ныхастимæ дæр. Уыдоны æххуысæй æмæ, уыдоны бæрæггæнæнтæ нымайгæйæ, æмткæй райсгæйæ, Цæгатæй Хуссармæ арæзт æрцыд 45 мыггаджы ныхасы. Адæмæн нæ фæндон бамбарын кодтам, кæд уæ зæрды мыггаджы "Ныхас" саразын ис, уæд уын баххуыс кæндзыстæм, зæгъгæ. Сæ фылдæр нæ фæндоныл æхсызгонæй разы уыдысты. Кæцыдæртæ та-иу мæ сæрмагондæй æрбахуыдтой, ома, мыггаджы минæвæрттимæ дæхæдæг дæр аныхас кæн, зæгъгæ.



Ахæм фембæлдтытæ мын уыдис Фарныхъæуы — дыууæ, Джызæлы — дыууæ, Камбилеевкæйы — дыууæ, Октябрыхъæуы — иу æмæ афтæ дарддæр.

Алы ран дæр зондамонæг никæмæн уыдтæн, фæлæ-иу мæ хъуыды, мæ фæндон загътон, æмæ-иу мемæ сразы сты. Цалдæр раны та сын сæ уынаффæ аивын кодтон. Мыггаджы ныхасы номхыгъдмæ, фыццаджыдæр, хаст цыдысты æмæ хъуамæ цæуой куывдгæнæг хъæппæрисджын къорд æмæ ма сæм мыггаг кæй бафтауа, уыдон. Алкæмæн дæр лæвæрд цыд Мыггæгты ныхасты тыххæй сæрмагонд уагæвæрд. Уый бындурыл алчидæр арæзта йæхи мыггаджы уагæвæрд.

Нæ комитеты куысты ма кæд хъæндзинæдтæ уыдис, уæддæр, æмткæй райсгæйæ, нæ архайд, нæ гыццыл æнтыстытæ "Стыр Ныхас"-ы Координацион совет æнæ бафиппайгæ нæ фæци.

Рæстæг цæуы. Ме 'нæниздзинад дæр иу гыццыл фæцудæгау кодта, æндæр горæтмæ мæ цæуын бахъуыди.

Цасдæр рæстæджы фæстæ, комитеты куыст бынтон ма бамынæг уа, зæгъгæ, йæ бабар кодтой Томайты Шамилæн, фæстæдæр та — Цæллагты Артурæн. Сæ дыууæйæн дæр сæ сæйраг куыстæй уæлдай ма ацы уаргъ зын хæссæн уыдис, æмæ йæм æмбæлгæ цæстæнгас лæвæрд нал цыд. Уымæ гæсгæ комитеты куыст гыццылгай бамынæг.

Уæдмæ "Стыр Ныхас"-ы сæргъы дзæнæты бадинаг Басаты Барис æрлæууыд. Уый хорз æмбæрста "Мыггæгты ныхас"-ты ахадындзинад æмæ йæм йе 'ргом аздæхта. Сæрдары бынатмæ снысан кодта Æгкацаты Юрийы.

"Мыггæгты ныхас" тынгдæр уый тыххæй хъæуы, цæмæй фæлтæрты 'хсæн бастдзинад скъуыйгæ нæ, фæлæ бонæй-бон фидардæр кæна. Йæ номхыгъдмæ дæр афæдз иу хатт уæддæр фæхъæуы æркæсын, баххæст кæнын.

Кæцыдæр мыггæгтæ, зæгъæм, Багатæ, Цæллагтæ мæй иу хатт, гæнæн нал ис, уæд дыууæ мæйы иу хатт амбырд вæййынц сæ "Ныхас"-ы уæнгтæ, мыггаджы хъуыддæгтыл æрдзурынц, сæйрагдæр æргом аздахынц кæстæрты цардыуагмæ. Цы хъæндзинæдтæ бафиппайынц æмæ раргом кæнынц, уыдон аиуварс кæныныл æмдых, æмзондæй бакусынц.

Мæнæ Лазартæ, Мамиатæ æмæ Æгкацатæ дæр мыггаджы куывды бæсты æмбырд кæнынц фыдæлты уæзæгыл Дзуары бон.

Мыггæгты равзæрды тыххæй куы дзурæм, уæд кæцыдæр мыггæгтæ кæрæдзиимæ æрвадиуæг кæнынц, кæннод та уыцы иу мыггагæй Гуырдзыйы дæр кæнæ Кæсæджы дæр цæры, фæлæ сæхи хонынц, цы адæмы 'хсæн цæрынц, уыдонæй. Ахæмтæн сæ рагфыдæлтæй, алыхуызон аххосæгтæм гæсгæ, чидæр, æви чидæртæ афтыдысты уыцы бæстæтæм, фæлтæргай ферох кодтой се 'взаг, се 'гъдау (ирон сæйраг миниуджытæ) æмæ сгуырдзиæгтæ, скæсгæттæ сты.

(Кæрон 4 фарсыл)

Поэзийы уылæнтæ



ДАУЫРАТЫ Дамир

## Гæдыбæлæстæ

***Хæлæг кæнын гæдыбæлæстæм.***
***Сæ сæрыстырдзинад сын уарзын.***
***Уынынц сæ алывæрсты дардмæ,***
***Æдзух — ыстæхынæввонг арвмæ,***
***Йæ цъæх ын хæхты суарау нуазынц.***
***Куы уа цыфæнды хъызт, уæддæр***
***Сæ цуры, тута балбæлæстау,***
***Нæ ныккукатæ вæййынц,***
***Нæу сæм нымады***
***Дымгæйы цъæлхъæр.***
***Æмбæхстæй баззайы сæ хъæрзын.***
***Нæ кæнынц мисхал дæр сæхи мæт.***
***Фæлтау нæ Иры сæрмæ мигътæ***
***Сæ уæззау æнгуылдзтæй фæмæрзынц...***
***Æз бузныг дæн гæдыбæлæстæй.***

❊ ❊ ❊

*"Хæрзæггурæггаг!*
*Сауцъиутæ æртахтысты.*
*Агурынц сæ фароны бынат"... —*
*Цин кæны сæумæрайсом мæ мад,*
*Цыма йæм йæ хъæбултæ æруадысты.*
*Æз та — уынгмæ.*
*Донбылы хæристыл*
*Уыцы цъиутæ дзедзырой кæнынц.*
*Хуры тынтæ афтæ бирæ систы, —*
*Нæу бæрæг, кæцырдыгæй тæхынц,*
*Зæххæй æви уæлæ арвæй,*
*Цæстытæй æви мæ армæй.*
*Фæлæ дымгæ, уа-диссаг та дымгæ,*
*Цыма мæ йæ буц хæларæй базыдта,*
*Уыйау зилы м' алыварс фырцинæй.*
*Хъуамæ йæ æрцахсон æз йæ базыртæй,*
*Хъуамæ сæ ныссадзон æз мæхицæн...*

❊ ❊ ❊

***Зæххæнкъуыст***
***Æнæнхъæлæджы кæй вæййы,***
***Уымæн у тæссаг.***
***Уарзондзинад дæр афтæ.***
***Æз дæ, мæ хур, куы федтон фыццаг,***
***Уæд ралæууыд мæ хъизæмæртты афон.***
***Мæн дæ бахудт йæхиуыл ардыдта.***
***Æз арт уыдтæн, арт уыдтæн, арт уыдтæн!***
***Стъалытæ мæ фæдыл лыгъдысты,***
***Ме 'нкъарæнтыл топхосау сыгъдысты.***
***Ныр зымæг у. Балбæлæсты ауæттæ,***
***Халæттау, хæмпус митыл æрхуыссынц.***
***Цæй, кæм дæ?.. Ме 'мдзæвгæтæй***
***Схъарм кæнын мæ хуыссæн.***

УАЛЫТЫ Лаврент

❊ ❊ ❊

*Æз мæ хæлæртты сафын,*
*Радгай сæ сафын:*
*Удмæ фемхиц ис*
*Удхайраг сау фын.*
*Хур мæ удæй æфтауы,*
*Тар мыл уазал æфтауы.*
*Æз мæ хæлæртты сафын.*
*Æз мæ хæлæртты уарын*
*Дымгæтæн, Фæндæгтæн, Мæрæн, —*
*Æмæ зилы мæ сæрмæ*
*Саубазыр халон.*
*Уый хæстæгæй-хæстæгдæр кæны*
*Мæ фыды къæсæрмæ,*
*Мæ цæрæн мæсгуытæ мын халы!*

❊ ❊ ❊

***Ды ме знæгтæм ма хъус,***
***Мæ хæлæртты ма фæрс:***
***Бæласыл фос ысуадысты, æмæ бахус.***
***Ды ме знæгтæм ма хъус.***
***Фæнды дæ мæ удмæ ныккæсын?***
***Уæд бамбар:***
***Цы фæдзуры къутæрæн маргъ,***
***Къутæр цæмæн узы маргъæн йæ ахстон,***
***Цæмæн тайы тары мыдадзын цырагъ***
***Аргъуаны къулыл ныхæстæй...***
***Кæд мæ нæ бамбарай***
***Уыдоны фæстæ, —***
***Курын дæ, ма мын кæн аргъ***
***Искæй ныхæстæй.***
***Дæ зæрдæйы бафæрс.***
***Ма тæрс,***
***Зæрдæйæ растдæр***
***Ничима радта дзуапп***
***Уарзтæн!***

## Арфæ

*Бузныг, хъæды маргъ,*
*Ды мæм къалиуæй авдæнмæ зарыдтæ,*
*Уыдтон дæ мæ фыны*
*Æхсæв уа,*
*Йе боны рæбыны,*
*Ыстæй-иу куы цыди*
*Фæззыгон уарынтæ,*
*Уæд-иу дæм æхсайдта мæ зæрдæ.*
*Бузныг, кæй мæ кодтай ахуыр*
*Тæхын дæр, зарын дæр.*
*Æз, дæу фæзмгæйæ,*
*Бон уа, æхсæв уа*
*Мæ зæрдæйы сагъæстæ зарыдтæн...*
*Суадонæн — арфæ:*
*Куы-иу дзы нуæзтон, —*
*Кастæн-иу джихæй йæ арфмæ,*
*Уыдтон дзы стъалыджын арв дæр.*
*Æмæ мын-иу кодта йæ тарфæй,*
*Йæ хæл-хæлæй аргъау,*
*Йæ сатæгæй тахтæн*
*Сусæны тæвды дæр, маргъау.*
*Йæ сыгъдæг мæ риуы фæхастон æз дисæн,*
*Уымæй æхцон уыд мæ удæн.*
*Мæн чи зоны, уыдон,*
*Мæн чи уарзы, уыдон — æвдисæн.,.*
*Зæрватыкк, бузныг!*
*Хæс фидауы йæ фыстæй:*
*Иу æмæ дын дыууæ хатты*
*Нæ байтыгъ тон рудзынг*
*Мæ уатмæ, мæ тыргъмæ:*
*Хуыцаумæ ды хастай*
*Тыхст лæгæн йæ фыстæг*
*Ыстъалыджын арвы тыгъдадмæ.*
*Уый дæр куыннæ,*
*Фæлæ дын бузныг:*
*Ахуыр нæ кодтай амайын, аразын*
*Цæрынæн хæдзар,*
*Адæмæн уымæн дæ уарзон, хæлар!*

## Спортивон фидиуæг



**Футбол**

# Фыццаг хатт фæкъуыхцы сты

Ærыгæтты футболон лигæ ”Хуссар”-ы фыццаг бынат бацахсынил ерысты Дзæуджыхъæуы Футболы академийы командæ ”Аланыстон-2007” йæхи фæзыл акодта йæ 12-æм хъазт.

Нæ командæйы ныхмæлæууæг уыдис Стъараполы командæ "Динамо-СУОР". Фыццаг зылды сæ фембæлд Стъараполы ахицæн "Аланыстон-2007"-ы пайдайæн 3:0 хыгъдæй. Уыцы фембæлды нæ лæппутæ хъазтæн райдианæй кæронмæ хъазты рохтæ сæ къухæй (растдæр зæгъгæйæ та — сæ къæхтæй) не суагътой.

Бынтон æндæрхуызон рауад дыууæ командæйы архайд сæ дыккаг фембæлды.

"Аланыстон-2007"-ы рæнхъыты фæзмæ рацыдысты: **№16 — Дзуццаты Азæмæт, №5 — Ælборты Денис, №15 — Дзабиты Мæхæмæт (24' — Баситы Алыксандр №8), №13 — Дзукъаты Давид, №17 — Зæнджиаты Олег (50' — Сакъиты Сæрмæт №27), №11 — Хъантеты Арсен, №22 — Кодзырты Артур, №9 — Реуазты Арсен, №2 — Хъуылаты Марат (63' — Мелыкаты Игор №4), №14 — Хозиты Сæрмæт, №25 — Георги Цыгурин.**

Дзæуджыхъæуккæгты хъазт цæмæдæр гæсгæ ацы хатт нывыл нæ рауад. Нæ æрыгон футболистты архайды нæ фаг кодта, раздæр сæм цы тырнынад уыдис, уый. Растдæр зæгъгæйæ та, цыма иучысыл фæллад уыдысты, афтæ



зындис сæ хъазт, иуварсæй кæсгæйæ. Ацы уавæрыл, æвæццæгæн, фæзынд, æрыгон футболисттæй цалдæр амæйразмæйы хъæзтыты цæфтæ кæй фесты, уый дæр.

Чи зоны, æмæ, нæ æрыгон футболистты архайд, раздæрау, афтæ цырд кæй нæ уыдис, ууыл фæзындис уый дæр, æмæ нæ командæ нырилдæгæн сæххæст кодта йæ фыццаг хæс — рацыд ерысты кæронбæттæны турнирмæ. Уым, æнæмæнг, хъæудзæн ноджы бындурондæр арæхстдзинад æмæ фæразондзинад равдисын. Уый тыххæй та, кæмдæр хъарутыл ауæрдын дæр бахъæуы.

Нæ командæйы чысыл рæдыдтытæй уазджытæ спайда кодтой æмæ сæхæдæг уæндондæрæй размæ бырсын райдыдтой. 36-æм минутыл уазджыты размæбырсæг **Шамил Магомедалиев** дæрддзæфæй пурти арвыста фысымты дуармæ. Уым æй æрцахсынмæ нал фæцарæхст дуаргæс **Дзуццаты Алыксандр**, æмæ пурти фысымты хызыл сæмбæлд. Уазджытæ размæ рацыдысты 1:0 хыгъдæй.

Алайнæгтæ ацы рæдыды фæстæ сæхимæ нæма æрцыдысты, афтæ та æруагътой дыккаг рæдыд, æмæ 38-æм минутыл хыгъд ссис 2:0 — "Динамо СУОР"-ы пайдайæн. Дыккаг голы бакъуырæг та ногæй ссис Шамил Магомедалиев. Уыцы уавæры ма тæрхонгæнæг дыккаг хатт фæивар кодта æмæ хъазæн фæзæй рарвыста Хъантеты Арсены. Афтæмæй, 0:2 хыгъдæй хæрд кæнгæйæ, нæ командæ баззад иу хъазæг къаддæрæй.

Хъазты дыккаг æмбис нæ футболисттæ сæ тыхсæ бонæй архайдтой уавæр раивынмæ æмæ, иу хъазæг къаддæр уæвгæйæ, сарæзтой цалдæр тæссаг уавæры уазджыты дуармæ бацæуæнты. Уыдонæй сын кæронмæ спайда кæнын бантыст иуæй. Хъазты 51-æм минутыл Георги Цыгурин сæрæн хъазт акодта, уазджыты иварон фæзмæ бабырсгæйæ, æмæ пурти дуаргæсы фæрсты сæ хызы сæмбæлын кодта. Хъазт ахицæн 1:2 хыгъдæй уазджыты пайдайæн.

Командæтæн ма сæ дæлкъордты баззад фæйнæ дыууæ хъазты акæнын. Нырилдæгæн "Аланыстон-2007" рацыдис, 1-аг бынатыл цы аст командæйы хъаздзæн, уыдоны 'хсæнмæ, фæлæ ма йын цы дыууæ хъазты баззад къорд "А"-йы, уыдоны дæр бацархайын хъæуы хуыздæр бæрæггæнæнтæ равдисынил.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Аивад

# Балеты премьерæ

**Бетъырбухы Мариинаг театры фыццаг хатт кæй равдыстой, СУАНТЫ Валерийы уыцы балет ”Парфюмер” фенынмæ æрбацыд бирæ аивадуарзджытæ.**

Ирд фæлгонцтæй, дæсны кæфтытæ æмæ аив сценикон уæлæдарæсæй сфидауæг балет иу изæрмæ дыууæ хатты равдыстой.

Аивадуарзджыты 'хсæн уæвæг Мариинаг театры аивадон разамонæг **Гергиты Валери** балет æвзыгъдæй равдисæг артисттæн раарфæ кодта.



**Малиты Азæмæт, Виолеттæ Магомедханова** æмæ Мариинаг театры примæ-балеринæ **Юлия Махалина** сæйраг партитæ ахъазыдысты.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: критиктæ стыр аргъ кæмæн скодтой, 2018 азы Суанты Валерийы æвæрдæй Мариинаг театры концертон залы æвдыст уыцы спектакл "Портрет Дориана Грея" фенынмæ æрбацыд бирæ аивадуарзджытæ.

**Нæ уацхæссæг**

## Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Йæ дæсныйадыл — иузæрдион

Адæймаджы зæрдæйы цы хорзæх равзæры, уый цæуы йæ уды арф æмæ зонды рухсæй. Йæ цардыуагæй, йæ митæй, йæ ирон фарнæй фæзминаг у кæстæртæн. Ацы ныхæстæ иууылдæр хауынц РЦИ-Аланийы Ахуырады сгуыхт кусæг, "УФ-йы иумæйаг ахуырады кадджын кусæг", Къостайыхъæуы астæуккаг скъолайы директор **Еналдыты Светланæмæ**.



Йæ дæсныйадыл бирæ азты иузæрдион у. Уый та æвдисы йæ арæхстдзинад, зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад. Светланæ æмæ йе 'нгом коллективы архайд адæм уынынц, æмбарынц, æууæндынц сыл сæ сабиты, æмæ уымæн аргъ нæй. Йе 'мкусджытæн хорз хистæрау амоны, рæстæджы домæнтæн дзуапп дæттын кæй хъæуы, сæ куыст стыр бæрнондзинад кæй домы, уый.

Куыд æхсæнадон архайæг, Светланæ æвзæрст æрцыд Ærыдоны районы Сылгоймæгты Советы президиумы уæнгæй. Йæ архайд у ахадгæ, цы фарстатæ æвæры, дзуапп куыд домы, уыдон сты æргом.

Ацы бон Еналдыты Светланæйæн у дывæр бæрæгбон. Фыццаджыдæр ын арфæ кæнæм йæ райгуырæн боны фæдыл. Рæсугъд бæрæгбæттæ йыл цæуæд йæ уарзон бинонтимæ! Бирæ азты иузæрдион фæллойы тыххæй Светланæмæ ис бирæ кады нысантæ, ныр та хорзæхджынгонд æрцыд Уæрæсейы Сылгоймæгты цæдисы зæрдылдарæн майданæй, æмæ йын ноджы фылдæр бантысæд!

**КАЛОТЫ Эммæ,**
**Ærыдоны Сылгоймæгты Советы сæрдар**

## Æнæниздзинад

# Джыбыты афон

**Ивгъуыд къуырийы дæргъы джыбыты хæстыты фæдыл нæ республикæйы медицинон кусæндæттæм бахатыд фондз адæймаджы (адонæй иу уыд 14 азæй кæстæр сывæллон).**

Ацы хабар фехъусын кодта "Роспотребнадзор"-ы республикон управленийы пресс-службæ.



Адæм бирæгæйттæй кæм æмбырд кæнынц, дезинфекцион къабазы кусæндæтты кусджытæ састкы ныхмæ хостæй ахæм бынæттæ æмæ сæрдыгон дзæбæхгæнæндæтты фæзуæттæ бапырх кодтой. Æдæппæт хостæй бапырхчындæуыд 120 гектары фæзуат (ацы фæзуатæй 75,3 гектары хауынц сæрдыгон дзæбæхгæнæн кусæндæттæм).

Ветеринарон службæйы кусджытæ фос дæр пырх кæнынц джыбыты ныхмæ хостæй.

**Нæ уацхæссæг**

# Фыдæлты фарн — сæ бæллиц

**(Райдайæн 3 фарсыл)**

(Райдайæн 3 фарсыл)

Иннæ ахæм хабар дæр та куыд рауад. Томайты Зелим сæ мыггаджы "Ныхас"-ы сæрдар у. Мыггаджы "Ныхас" бауынаффæ кодта сæ мæсыг ногæй саразын. Сæ фарсмæ балæууыдысты, æрвадиуæг кæимæ кæнынц, уыцы мыггæгтæ: Дзгойтæ æмæ Беккуызартæ. Уæдæ уыдонæй алчидæр уыцы мæсыг йæхи хоны, уымæн æмæ иу фыды фырттæ сты.

Цъамадæй рацæугæ Уырымтæм дæр рагæй ис мыггаджы "Ныхас". Нырма сæ фыдæлты мæсыг дæр фидар лæууы, кæд кæмдæрты базилынхъуаг фæцис, уæддæр. Сæ мыггаджы "Ныхас"-ы радон æмбырд куы кодтой, уæд сæйрагдæр фарста уыд сæ фыдæлты мæсыгмæ базилын. Се 'рвадæлтæ Тотыккатæ, Бирæгътæ, Пагæтæ, Датитæ, Кæсæбитæ æмæ Созæтимæ.

Къуырийы фæстæ авд мыггаджы минæвæрттæ иумæйаг уынаффæ рахастой, нæ мæсыджы цалцæг уал фæстæдæрмæ аргъæвæм, уымæй размæ уал нæ фыдæлты кувæндонмæ базилæм, зæгъгæ. Сæйрагдæр та сæ кæстæрты æргом раздæхтой æмæ сын фæндаг бацамыдтой сæ фыдæлты уæзæгмæ, сæ уидаг кæцæй рацыд, уырдæм.

Уый цыбырæй иу къорд мыггаджы куыст æмæ архайды тыххæй. Æмткæй райсгæйæ, нæ комитеты архайд уæрæхдæр æмæ вазыгджындæр у. Абон фидарæй мæ бон зæгъын у: Ирыстоны "Мыггæгты ныхас" чи сарæзта, уыдоны нымæц схæццæ кæны 95-мæ. Алкæимæ дæр дзы æмбарынгæнæн ныхас цыдис æмæ цæуы. Амбырд кæнын, ауынаффæтæ кæнын кæй фæфæнды, уыдонæн "Стыр Ныхас"-ы æмбырдтæаразæн залы дуæрттæ кæддæриддæр сты гом. Не 'ххуыс кæм æмæ кæй фæхъæуы, уыдонмæ, цæстуарзонæй фæкæсæм.

Иу хъуыддаджы тыххæй ма нæ фæнды бæлвырд радзурын. Цалдæр азы размæ Мæздæджы "Ныхас"-ы сæрдар Гуцаты Фридонæн йæ хъуыдыйы æрцыд фидæны ирон адæмæн ныффыссын хидарыны æгъдæутты чиныг "Фæдзæхст". Уый тыххæй нæ фæндыд хистæрты зонд æмæ фæнд дæр базонын. Фæсидтыстæм 20 мыггаджы хистæртæм æмæ иумæ æркастыстæм "Фæдзæхст"-мæ.

Фæстæдæр арвыстам, мыггаджы "Ныхас"-тæ кæмæ ис, уыцы 95 мыггагмæ. Се 'ппæт, хъыгагæн, не 'рцыдысты, фæлæ сæ фылдæр хай æрбамбырд сты. Чиныг "Фæдзæхст" саразыны хъуыды се 'ппæты зæрдæмæ дæр фæцыд, æмæ уынаффæ рахастой: "Фæдзæхст" у хъæугæ чиныг. Алы мыггаджы хистæртæ дæр разы сты чиныджы бын мыггаджы номæй сæ къух бафыссынил.

Æмбырды архайæг, "Иры Стыр Ныхас"-ы абоны сæрдары хæстæ æххæстгæнæг Еналдыты Хъазыбег куыд загъта, афтæмæй "Фæдзæхст" бафыссыны мадзал уыдзæн бæрæгбоны хуызы рухæны мæйы, Ирон театры залы. Уый фæстæ чиныг хистæрты къухфыстытимæ æвæрд æрцæудзæн бæстæзонæн музейы, кæнæ æндæр кадджын бæрæг бынаты.

Æмбырды архайджытæ сидынц æппæт мыггæгтæм, цæмæй мыггаджы "Ныхас" скæной, æмæ сын бар лæвæрд уа "Фæдзæхст" бафыссынæн. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ сæ удтæ хъардзысты, сæ бæллиц уыдзæн, фыдæлты фарн дарддæр хæццæ кæй кæндзысты, ирон æгъдауыл фидар кæй хæцдзысты, цæстыгагуыйау æй хъахъхъæндзысты æмæ йæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ тырысайау дæтдзысты. Ирон æвзагыл никуы сыстырзæрдæ уыдзысты, ирон бинонтæ мадæлон æвзаг хъахъхъæнæг кæй сты, уый зæрдыл даргæйæ.

**ÆГКАЦАТЫ Юри,**
**"Иры Стыр Ныхас"-ы Мыггæгты комитеты сæрдар,**
**МАМИАТЫ Таймураз,**
**"Мыггæгты ныхас"-ы сæрдар, æхсæнадон уацхæссæг**

## Акци

# Патриотон зарæджы фестивал

**Дзæуджыхъæуы администрацийы фæсивæдон политикæйы, физикон культурæ æмæ спорты комитет, стæй нæ республикæйы Фæллой æмæ социалон рæзты министрад фадæттæ кæмæн сарæзтой, патриотон зарæджы уыцы фестивал ”Ирыстоны хъæлæс”-ы архайдтой сидзæр æмæ æнæ ныййарджыты æвджидæй баззайæг сывæллæттæ.**

Æппæтуæрæсеон акци "Бархионтæ — сывæллæттæн" æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ республикон центртæ "Хæлар зæрдæ", "Хуры тын" æмæ "Феникс"-ы хихъæппæрисадон коллективтæ сæ дæсныйад зарынæй равдыстой.

Амынд министрады сæргълæууæджы хæдивæг **Маматы Анджелæ**, горæты администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Маматы Хъазыбег**, амынд комитеты разамонæг **Хъæстуаты Еленæ** æмæ Фæсивæдон центры зарæггæнджыты студийы хицау **Голоты Александрæ** æвзонг зарæггæнджытæм байхъусынмæ æрбацыдысты.

Фестивалæн фадæттæ саразæг, адæмæн бузныг зæгъгæйæ, сфæлдыстадон бæрæгбоны уазджытæ амынд нывыл карст дзыллон мадзæлтты ахадындзинад рæзгæ фæлтæры удвæрнон хъомылады бафиппайдтой.

Бæрæгбоны кæрон амынд галуаны хъомылгæнинæгтæ сæ концертон номыртæ равдыстой. Фестивалы архайджытæн радтой дипломтæ, æппæт æрбацæуæг адæмы та суазæг кодтой сæлдæджытæй.

**Нæ уацхæссæг**

## Фæндагон фæтк

# Рынчындонмæ бахауд

**Дзæуджыхъæуы Абайты Васо æмæ Сырхгвардион уынгты тигъыл дыууæ транспортон фæрæзы кæрæдзи сцавтой.**

Пъæлицæйы кусджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй, 45-аздзыд нæлгоймаг кæй скъæрдта, уыцы хæдтулгæ "ВАЗ-21213" фæзылды рæстæг йæхи сцавта "ВАЗ-2104" хæдтулгæйыл (скъæрдта йæ 19-аздзыд лæппу).



Фæндагон-транспортон фыдбылызы аххосæй хъыгдардбаййафæг фæстагмæ амынд хæдтулгæскъæрæджы цæфтæй баластой Дзæуджыхъæуы медицинон кусæндæттæй иумæ.

Барадхъахъхъæнджытæ фæндагон-транспортон бæллæхы æппæт æууæлтæ бæлвырд кæнынц.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Æлвæст хъуыдытæ

# *Цард — хурыскаст æмæ хурныгуылд*

* * *

***Царды æнусон ницы ис, æппæт дæр рæстæгмæ у, хорз дæр æмæ æвзæр дæр. Уымæ гæсгæ цæрын хъæуы, дæ хъысмæт дын цы схай кодта, уымæй пайда кæнгæйæ, лидзæн та дзы нæй, уæддæр æй дæ сæр баййафдзæн, абон уа кæнæ райсом, фæлæ æнæмæнг.***

* * *

*Уарзын æмæ аргъ кæнын хъæуы ахæм адæмæн, кæцытæн сæ хъуыдытæ, сæ ныхас æмæ сæ архайд цæуынц иу къахвæндагыл, кæрæдзийæ нæ хицæнгæнгæйæ. Уыдон бæззынц дард фæндагыл æмбæлццонæн. Лæджы хæрзхъæддзинад та рабæрæг вæййы ахæм дард фæндагыл.*

* * *

***Хурыскаст æмæ хурныгуылд. Адæймаджы цард дæр скаст æмæ ныккаст у. Цас цырендæрæй архайай, уый бæрц дын фылдæр бантысдзæн, æмæ къаддæр та фæсмонгонд уыдзынæ, уый дæр ма куы сарæзтаин...***

* * *

*Цард къæвдайæ хъауджыдæр нæу. Рауары æмæ æрбайрох вæййы. Нæ хъæуы ивгъуыд къахын, абоны фарстатæ лыг кæнын хъæуы, уый зæрдæйæн дæр æнцойдзинад у.*

* * *

***Ивгъуыд æмæ фидæны æхсæн æрмæстдæр ис уысм, цæстыфæныкъуылд. Гъе уый хуыйны цард. Уыцы уысм дæ къухы цы бафта цардæй "ратонын", уый — дæхи, иннæ — Терк фæласта фурдмæ.***

* * *

*Адæймаджы сæры цас алыхуызон хъуыдытæ фæзыны, фæлæ, дæ алыварс фарс цы бирæ адæм ис, уыдонæй уыцы адджын æмæ пайдайаг хъуыдытæ кæимæ адих кæнай, кæмæн сæ радзурай — ахæмтæ та — гыццыл.*

* * *

***Цæмæй дыл искæй рæдыд ма æрцæуа, уый тыххæй искæй уынаффætæй ма пайда кæн.***

* * *

*Адæм фаутæ æвæрæг сты. Æппæт адæм дæр дыл гуырысхо куы кæной, уæддæр дæхæдæг дæхиуыл æууæнд, дæ ныфс сæттын ма бауадз — уый у сæйрагдæр.*

* * *

***Раджы уа, æрæджы, адæймаг бамбардзæн: фесæфын æнцон кæй у, фæстæмæ раздæхын бирæ хатт — тынг зын, фылдæр хатт та йын гæнæн дæр нал вæййы.***

* * *

*Хорз дын кæм уа, ахæм бынат агурын æнæсæрфат ми у. Алы ран дæр адæймаг хъуамæ арæхса ахæм "хорз" бынат аразынмæ, сфæлдисынмæ. Уый та дæ удæн уыдзæн уæлдай æхсызгондæр.*

* * *

***Цыфæнды уæззау дуг дыл куы скæна, уæддæр дæ ныфс ма асæттæд. Цардыл æууæнд! Сомбоныл æууæнд! Цы кæныс, цы хъуыды кæныс, æппæтыл дæр æууæнд. Æппын боны фæстаг дæ зæрдыл дар: "Къæвдайы фæстæ хур бон дæр скæндзæн".***

* * *

*Ныртæккæ ахæм æнамонд рæстæг у, æмæ дын комкоммæ иу дзурдзæн, фæсауыонмæ та — бынтон æндæр, фылдæр хатт ма дæ фыдгой дæр.*

* * *

***Адæм алыхуызон сты, куыд уындæй, афтæ зондахастæй дæр. Чидæр дын аргъ кæны, мадзура кæй дæ, чидæр — дæ ныхасæн, чидæр та — æрмæстдæр царды йæ фарсмæ кæй дæ, уый тыххæй дæ уарзы, аргъ дын кæны.***

***Дæхæдæг дæхицæй æвзæр макуы дзур.***

***МАМИАТЫ Таймураз,***
***æхсæнадон уацхæссæг***


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

# Хураив нывгæнæг

*Джыккайты Мураты юбилейы номыл*

***Ды арвы нывтæ арвы къуырфæй исыс,***
***Æвдисыс сæ нæ рухс удтæн сæ уаг.***
***Хур цыма демæ бацыди цæдисы,***
***Дæ алы ныв дæр у йæ рухсæй дзаг.***

***Фæлтæрты ды ивгъуыдмæ фæхоныс,***
***Дæ нывæфтыдтæй исынц алкæд зонд.***
***Царды уагæн аргъ кæнын куы зоныс,***
***Дæ аивад куы нæ кæны зæронд.***

***Дардæй дæр бæрæг у де 'рмдзæф рагæй,***
***Йæ рухсæй у нæ алкæй зæрдæ дзаг.***
***Ды райгуырдтæ, нæ зонды рухс — сæрфатæн,***
***Сгуыхт нывгæнæг, Джыккайты САГ-Мурат!***

***ГАСАНТЫ Валери***

# Хъусынгæнинаг

***14 августы, хуыцаубоны, Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы районы, Дменисы хъæуы уыдзæн Джиголаты мыггаджы куывд.***

***Хуынд цæуынц, æрвадиуæг кæимæ кæнынц, уыцы мыггаг — Джеллытæ, хæрæфырттæ æмæ сиæхстæ.***



***Уæ фарстытимæ бадзурæн ис телефонæй:***
***8-928-934-35-47***
***(Толик).***

**Покос травы и вырубка деревьев любой сложности.**
**ТЕЛ.: 8-909-477-60-99;**
**8-928-939-80-00.**

**САНТЕХНИК:**
**устранение засоров любой сложности.**
**ТЕЛ.: 8-918-834-82-74 (Эльбрус).**



**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй:**
**8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**



Номыры радгæс редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ авторта.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 870.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**